Казбек районалъул газета
# Чапар
Вестник

12+ № 32 (98937) 20 август 2021 с. /Рузман 11 МухIаррам 1443 с./ багъа - эркенаб redakciya-chapar@mail.ru




Хасаб къагIидаялда, Россиялъул пачалихъалъул лъабкьераб байрахъ тасдикъ гьабуна 1991 соналъул 1 ноябралда. 1994 соналъул 20 августалда Россиялъул президент Б. Ельциница Россиялъул Федерациялъул байрахъалъул къоялъул хIакъалъулъ бахъараб Указалда гъулбасана, гьелда бихьизабун букIана, 1991 соналъул августалда рукIарал лъугьа-бахъиназда хурхун ва тарихияб байрахъ цебе букIахъе гьабиялъул хIурматалда, 22 август гьелъул къолъун лъазабизе.

## Коронавирусалда сверухъ бугеб ахIвал - хIал




Дунялалдаго коронавирусалъ унтулезул къадар, гьелде данде къеркьолел рукIаниги, дагьлъулеб гьечIо. Гьеб унти тIибитIиялъул, гьелде дандеч1еялъе тIоритIизе кколел тадбиразул хIакъалъулъ бицунеб ва хъвалеб бугониги, гIемераз гьеб гIадахъги босулеб гьечIо. Унти тIибитIунгутIиялъе, вакцинация тун батIияб нух гьечIин ахIулеб букIаниги, гIадамал гьеб гьабизе гIедегIулелги гьечIо.

Гьоркьо - гьоркьоб, нижеца газеталда кьола коронавирусалда сверухъ дунялалда, Россиялда, Дагъистаналда ва нилъер районалда бугеб ахIвал-хIал.

18 августалда рихьизарурал баяназда рекъон,

**Дунялалда…**

Коронавирусалъ унтаразул къадар 207 млн.830 азарго, цо сордо-къоялда жаниб унтана -566 906, кинавниги - 4 млн. 370 азарго чи.

**Россиялда…**

Унтаразул къадар- 6 млн.640 азарго,цо сордо-къоялда жаниб, гьеб бахана 20958 чиясде ва хвана – 172110 чи.

**Дагъистаналда…**

Унтана – 44918, цо сордо- къоялда – 195, кинавниги хвана 1991чи.

**Нилъер районалда…**

ГьабсагIаталда унтун вуго 33 чи, июль- августалда сахлъаразул къадар бахана 143 чиясде, хварал гьечIо.

17 августалда нилъер районалде рачIун руго 500 «Спутник Лайт» ва 450 «Гам -Ковид-Вак» вакцинабазул дозаби ва гIадамазе вакцинация гьабулеб буго. 18 августалде ругел баяназда рекъон, нилъер 4000 ялде гIагарун чияс вакцинация гьабун буго.

**Д. ГIАБДУЛАХIИТОВА**

Ишахиса лъим

## Лъим бачиналъе цIияб проект

Лъалеб букIахъе, районалъул росабалъ лъел суал «бегIерго» чIун букIиналъ, къотIи ккана, гIадамазул кумекалдалъун ва гьезулго гIахьаллъиялдалъун, «Ишахи» участокалдаса лъим бачине.

Гьелда тIад гьабураб ва гьабулеб хIалтIиялъул хIакъалъулъ нижеца гIемер хъва зеги хъвана. Амма нилъеда бичIчIине ккола,халкъияб къагIидаялда, гьединал кIудиял харжал т1ад хвезаризе кколеб хIалтIи бетIералде бахъинабизе цIакъ захIмалъулеблъи, гьенир хIалтIулезда гьеб цебего бичIчIунги букIана. Гьелъ, ахирги, лъим бачиналъул суал районалъе нухмалъулезде цебе бахъана. Гьеб бетIералде бахъинабиялде кIудияб кIвар бусинабуна районалъул бетIер ХI. ХI. Мусаевас, Халкъияб Собраниялъул депутат М.-п. (К.-п.) Д. ГIумахановас ва цогидазги.




Гьай-гьай, кинаб бугониги бакI базе, хIадуризе ккани, тIоцебесеб иргаялда, гьелъие хIажалъула проект. Гьелда рекъон хIалтIичIони, хадусан дандчIвазе бегьула гIемерал захIмалъаби ва гьел тIагIинариялъе къвариг1уна цIикIкIараб къадар сурсатазул.

Гьеб кинабго хIисабалдеги босун, къотIи ккана лъим бачиналъе цIияб проект хIадуризе. Гьелда хурхун, 17 августалда районалъул администрациялда тIобитIана Ишахиса лъим бачиналъул суал гьоркьобе босараб данделъи.

Районалъул бетIерасул ишал тIуралев И. И. Шабазовасул нухмалъиялда тIобитIараб гьеб тадбиралда гIахьаллъана – «Авилон» ОАялъул бетIерав проектал рахъулев Муса ХIасангIалиев, Халкъияб Собраниялъул депутат М.-п. (К.-п.) Д. ГIумаханов, депутатазул Собраниялъул председатель Гъ. М. Гъи рисханов «Дагсельстрой» ГТУялъул вакил НигIматула Имашев, Гуни, Гъостала, Дилим, Алмахъ, Буртунай ва ГIаркьухъ росабазул бутIрул. Гьелъул хал гьабиялде босараб лъим бачиналда сверухъ гьарурал кIалъаяздаса хадуб къотIи ккана, гьанжелъизегIан бакIалда гьабураб хIалтIиги хIисабалде босун, проект гьабизе.

Гьединго, проект бахъулезда гьениб гьарана бакIалде бахъараб нухги кIочене биччагеян.

*«Августалъул ахиралде хIисаб гьаби ахиралде щвезабизе ва гьеб проектал гьарулезухъе битIизе буго»*,- ян абуна М. ХIасангIалиевас.

И. И. Шабазовас архитектураялъулгун бакIал раялъул ва ЖКХялъул отделалъул начальник ХI. ХIадаевасда тIадкъана проекталда хурхарал суалал М. ХIасангIалиевгун дандразе. Данделъиялъул гIахьалчаг1аз къотIи гьабуна августалъул ахиралда яги сентябралъул байбихьиялда, проекталда хурхун, цоги данделъи тIобитIизе.

Тадбир лъугIун хадусан гьелъул гIахьалчагIи «Ишахи» участокалде щвана.

**М.-Ш. ГIАБДУЛАШИМОВ**

## ЦIодорлъи гьабе!



**ХIурматиял районцоял!**

Гьаб заман буго амброзия (сахлъиялъе хIинкъи бугеб чIахI-къул) тIегьалеб заман. Гьелъул тIогьохIуралъ рагъаризарула астма, ринит, крапивница ва цогидалги захIматал унтаби. Гьеб хIайваназеги загьруяблъун ккола.

Нилъер ракьалда амброзия киса-кибегойин абухъе тIибитIун буго. Гьелъ, районцоязда гьари буго гьеб чIахI-къул тIагIинабиялъе тадбирал гьареян.

**Росдал магIишаталъул Управление**

Гьаб номералда нужеца цIализе бегьула
гъум. 2 Реццалъе мустахIикъав
гъум.3 ХIалхьи дагьаб гIумру
гъум.4 Къуралъул хIикмат

# Умумуз гьеб кин тIобитIулеб букIараб?

**Нагагь дуца аралда таманча речIчIани, бачIунелъ дуда гIарада речIчIулеб.**

**Расул ХIамзатов**

Нилъер умумуз магIишат гьабулеб букIараб къагIида чIахIияб гIелалда лъалеб букIаниги, гIолеб гIелалда гьелъул хIакъалъулъ цIакъго дагьаб гурони яги щибниги лъалеб гьечIо. Гьелда кколеб буго гьанжесел бигьалъаби кидаго рукIаралльун. Умумуз хIалтIизабураб тIагIел-гIучIалъулги гьелъ гьабулеб букIараб хIалтIулги эбел-инсуца, ялъуни гIага - гIунтIараз бицунебги, гьелъул нахъе хутIарабги, цIакъ дагьаб къадар гурони, гьечIони, гьай-гьай, наслабазда кIочене буго кинаб захIмалъиялда яшав гьабулеб букIарабали. Гьеб рахъалде кIвар кьечIого тани, кIоченародай гIолеб гIелалда рахьдал мацI ва нилъер халкъалъе хасиятаб цогидабщинаб?



Лъала, нилъер республикаялда, ДАССРалъе 100 сон тIубаялда хурхун, гIезегIанго батIи-батIияб тадбирал тIоритIулел рукIин. Гьединал тадбирал тIоритIана ва тIоритIулел руго Гуни росулъги. Нижер культураялъул Рукъалъул Советалъ хIадурана хасаб план ва, гьелда рекъон, рехсараб юбилеялда хурхарал ишал тIоритIулелги руго. Гьединазул цояблъун букIана дагьал церегIан къояз тIобитIараб *«Умумуз рагIи-хер кин хIадурулеб букIараб?»*-ан абураб тадбир. КъотIи букIана рагIи-хер хIадуриялъул киналниги рахъазул гьениб бицине яги гьел рихьизаризе.

Гьеб данделъиялда гIахьаллъана - районалъул культураялъул Централъул, Гъостала, ИчкIа СДКязул хIалтIухъаби, районалъул руччабазул Советалъул председатель П. Айтемирова ва цогидалги. ЧIахIияб гIелалда цIакъ лъикI лъала рагIи-хер хIадури кигIаналъ захIматаб бук1арабали. Гьелъул хIакъалъулъ, харицел бекIкIиялдасан байбихьун, бицана Заирбег Гъайирбековас (культураялъул рукъалъул методист) ва Эльмирза Писаевас.



Унгоги, рагIи-хер хIадурулеб заманалда, тIоцебесеб иргаялда, бихьинал гьеб бецизе унаан. Хасгьабун, гьезие магъилъго квенги хIадурулаан. Аслияб къагIидаялда, рецарухъабазе квание гьангун хинкIал чIезарулаан, щай абуни гьеб захIматаб хIалтIи букIиналъ. Цо чанго къоялъ хер бакъвазе толаан. Бакъвараб хер, киналго тIаде лъугьун, хехлъиялда данде гьабулаан (цIад тIаде ккани, гьеб пайда босиялдаса ине бегьулеб букIун).

Данде гьабураб харил гъунал ралаан, гьелъ рес кьолаан хер цIуниялъе. Кинабниги хIалтIи харицелалъул, лъеналъул, кьохорхоялъул ва цогидал алатазул кумекалдалъун кквераз гьабулаан.

Узухъда, рагIи-хер хIадуриялъул киналниги рахъал цойидасанго рихьизаризе кIоларо. Гьелъ, гьеб къоялъ гьалбадерида нижеца бихьизабуна умумуз хIалтIизабулеб букIараб хер данде бакIарияльул къагIида. Умумузул заманалдаго гIадин, гьабулеб махсаро-хочIалъ, ахIулел цересел кучIдуз гьалбазул ракIазе кIудияб асар гьабулеб букIана. Гьеб ишалъулъа нахъе къан чIечIо жалго гьалбалги. Гьезги гьенир рикIкIана ва ахIана кучIдул. Гьелъулъ тIокIлъи бихьизабуна Дайгьанат Хасаевалъ (ИчкIа), Асият Сурхаевалъ ва Марзият МухIидиновалъ (Гъостала) .

Тадбир гIуцIиялъул ва гьеб тIобитIиялъул хIакъалъулъ лъикIал рагIаби гьенир абуна З. МухIамадовалъ, Р. Сурхаевалъ, П. Айтемировалъ, У. Султанбеговалъ ва гь.ц.

Гьеб тадбир ахиралде щвана данделъиялъул киналниги гIахьалчагIаз, цадахъ лъугьун, кечI ахIиялдалъун.

**Б. АДУЕВА, Гуни росу**

# Реццалъе мустахIикъав



Нилъ нугIзаллъун ккола Токиоялда тIобитIараб Олимпиадаялда дагъистанияз рихьизарурал хIасилазе. Гьезда гьоркьов хасаб ва бакIалда вукIана Гlабдулрашид Булачевич СагIадулаев.

Эркенаб гугариялъул рахъалъ гьев Олимпиадаялъул кIицIулго чемпионлъун вахъана (2016 ва 2021 сс.). Гьев кколаункъцIул дунялалъул ва Европаялъул, щуцIул Россиялъул чемпионлъун, дунялалъулго чемпионаталъул гIарцулав призёрлъунги гьелъулго кубок босаравлъунги.

Гьединго, гьес Европаялъул хIаздаги бергьенлъи босана. Гlабдулрашид Россиялъул спорталъул мустахIикъав мастерлъунги ккола.

Щив кколев Гl. СагIадулаев? Гlабдулрашид гьавуна 1996 соналъ ЧIарада районалъул ЦIуриб росулъ. ГьитIинаб къоялдасаго бокьулаан гьесие спорт, хасго эркенаб гугари.

Гьесул бергьенлъиялде бугеб таваккал ва гьесулъ букIараб къуватги бихьун, гIолилазул цо турниралда гьесие «Пурусазул танк» абураб цIар щвана. Гьесул тренер ккола нилъер ракьцояв, Дилим росулъа Шамил Гlумаров.

2015 соналда гьев Россиялъул бищун лъикIав спортсменлъун рикIкIун вукIана. 2018 соналда Гlабдулрашидие спорталъул журналистазул Федерациялъул бищун лъикIал спортсменазе кьолеб «Гlарцул пинта» (ритIучIазул цо тайпа) премия щвана.

Гlачалихъалъ гьев, «Гьудуллъиялъул» (2016 с.) ва «ХIурматалъул» (2021с.) орденаздалъун, кIодо гьавуна. Гlабдулрашидица ва лъади Заираца гIезаюлей йиго цо яс.

**Интернеталдаса босараб**

**Инсан ва гIумру**

# Кинаб хIалтIи тIадкъаниги...



Нилъеда гьоркьоб гIадатлъун билъанхъун буго цIи гIуцIараб хъизаналъе, хасго инсуе, тIоцебесеб лъимерлъун вас вижине бокьи. Гьай-гьай, гьедин букIине бокьун букIана Дилим росулъа Гlабдулвакил МухIамадтIагьировасеги.

«Аних» абураб участокалда цIулакьодул гьутIбузе хъулухъ гьабулев вукIарав Гlабдулвакилихъе мадугьал вачIуна ва гьес Гl.-в. МухIамадтIагьировасда вас гьавиялъул рохел бицуна. Узухъда, инсул рохалие гIурхъи букIунаро ва, мавлидги гьабун, эбел-инсуца васасе «Юсуп» - ан цIар кьола. Гьеб букIуна 1954 сон.

ГьитIинаб заманалдаго Юсупие цIакъ спорт бокьулаан, хасго гьесул рекIее гIолаан волейбол ва футбол. Школалда цIалулеб заманалдаго, гьесул хIаракатчилъиялда, спорталъул командаби гIуцIун рукIана. Школа лъугIун хадуб, Юсуп Советияб Армиялде ана. ТIадвуссун хадув, гьев Хасавюрталъул автошколалде лъугьана. Спорталде бугеб рокьиги бихьун, 1977 соналъ Юсуп районалъул ДСО «Урожай» гIуцIиялъул председательлъун вищана. Гьениве вищун заман инелде, Юсупица гIуцIана волейболалъул, футболалъул, эркенаб гугариялъул, дзюдоялъул, тIадагьабгун бакIаб атлетикабазул, шахматазулгун шашкабазул, кквераз торгIо хIаялъул секцияби, гьединго, гьес гIемераб хIалтIи гьабуна гIолилал гьел секциябазде рачIинариялда тIад. Кинаб букIаниги, гьабулеб хIалтIул хIасил баккичIого букIунаро. Гьединабльун букIана Юсупил хIалтIул хIасилги.

1979 соналъ Дагъистаналъул шагьараздагун районазда гьоркьоб тIобитIараб спартакиадаялда, волейбол хIаялъул рахъалъ, нилъер командаялъ 3-абилеб бакI босана, районазда гьоркьор тIоритIарал гьединалго къецаздайин абуни, гьелъие 2-аб. бакI щвана.

Гьединго, футбол ва кквераз торгIо хIаялъул къецазда районалъул командабаз Дагъистаналъул кубокал росана. Дол соназ нилъер волейбол хIаялъул командаялда гьоркьор рукIана - Гlабдула ХIажиев, Абубакар (Сахратула) МухIамадрасулов, Рашид Юсупов, Султанбек Султанбеков (гьел киназулго мунагьал чураги), Гlабдулмуслим Закарьяев, Эсенай Идрисов, ХIабибула СагIидов, Шамсудин СагIидов, СагIид СагIидов ва Гъайирбег Гъайирбегов. ТIадехун рехсарал хIасилазухъ (1978- 1979сс.) районалъул ДСО «Урожай» гIуцIи мустахIикълъана хьвадулеб БагIараб Байрахъалъе.

Юсупил кIвахIгьечIолъи, тIаде босараб иш ракIбацIцIад тIубазаби, гIаданлъи, яхI-намус цIунун хьвади бихьичIого хутIичIо. 1994 соналъ Юсуп районалъул росдал магIишаталъул АПКялъул хIалтIухъабазул профсоюзалъул председательлъун вищана. Гьеб хIалтIудаги Юсупица бихьизабуна гIуцIарухъанлъиялъе, гIадамал цолъизариялъе жиндирго бугеб махщел. Гьес гIемерал гIадамазе кумекги гьабуна. Гьелдаса хадув гьев социалияб страхованиялъул уполномоченныйлъун тIамуна. Районцоязда цIакъ лъикI лъала гьес сакъатазе, хъизан хьихьулев камиялдалъун нахъе хутIаразе, инвалидаллъун ккаразе ва цогидазеги гьабураб кумек.

Гьединго, гьесул хIаракаталдалъун, щибаб соналъ республикаялъул ва цогидалги бакIазул хIухьбахъиялъул лагеразде районалъул росабалъа лъимал ритIулаан. Кинаб хIалтIи тIадкъаниги, тIоцебесеб иргаялда, Юсупица тIалаб гьабулаан гьелда хурхараб лъай. Махщел камилгьабиялъул курсазде унги, Москваялда статистикаялъулгун информациялъул институт лъугIизабунги, лъай босичIого, гьев чIечIо.

Юсупица ва лъади Равзанатица гIезабуна ва гIумрудул нухда тIобитIана лъабго лъимер. Гьезул буго тIадегIанаб лъай ва гьел батIи-батIияб хъулухъазда руго.

Бажари бугев, яхI-намус цIунарав, кидаго кумекалъе хIадурав, гIадамал хирияв Юсуп 2020 соналъул 25 январалда гIумруялдаса ватIалъана. Аллагьас гьесие Алжан насиб гьабеги.

**Э. ИДРИСОВ, Дилим росу**

ДАССРалъе - 100 сон!

# ХIалхьи дагьаб гIумру



Гьараб гIелмуялъул цо гIалимас абун буго: «МугIрузул къварилъиги авлахъалъул ракъдаллъиги гьаниб дандчIвалаго, гьаб буго кIиабилеб Истамбул гIадаб бакI»,-ан. Гьеле, гьединаб ракьалда - Гъостала росулъ Идрисилгун Упиятил рекьарухъабазул хъизаналда гьавуна нилъер районалъул экономика ва культура цебетIезабулезул цебесеб кьерда вукIарав Дада Идрисов. ГьитIинго гьесул эбел хвана, амма инсуца гьев бесдал эбелалъул къайимлъиялде ккезе виччачIо. Инсуца Дада кьуна мажгиталда цебе гIуцIараб мадрасалда цIализе. ЦIалиялда цадахъго, Дадаца рукъалъул магIишаталъул хIалтIиги гьабулаан. Цин росулъго, цинги ИчкIаялдегун Дилималде витIун, инсуца васасда светскияб хъвай-цIали лъазабизе хIаракат бахъулеб букIана. Росулъ, цадахъ рекъон, магIишат гьабиялъул гIуцIаби раккана.

1930 соналъул октябралда гьениб «Лъабабилеб Интернационал» - ан цIар кьураб колхоз гIуцIана. Инсуца бахъараб хIаракат гIадада ккечIо. Дада гьеб колхозалъул хIисабчи- бухгалтерлъун тIамуна. Гьес кIиго соналъ бухгалтерасул хIалтIи гьабуна. ЦIодорав, гIадамазул хъулухъал тIуралев гIолилав комсомолалъул райкомалъ Буйнахъскиялда рукIарал учительзаби хIадурулел курсазде витIана.

1934 соналъул августалда Дада росдал школалда байбихьул классазул мугIалимлъун хIалтIизе вачIана. Гьев хьвадана ИчкIаялда дарсал кьезеги.

1937-38 соназ гьев Дилим росдал школалда хIалтIана. РакIбацIцIад хIалтIулев, кумекалъе вахъине хIадурав вукIиналъ райисполкомалъ Дада райОНОялъул инспекторлъун хIалтIизе тIамуна.

Доб заманалда лъайкьеялъул гIуцIабазда цадахъ хIалтIарал Гуниялдаса Камилбег Нуцаловас, Гертма росулъа ЖабрагIил Пирбудагъовас, Дилималдаса Пизудин ХIажиевас, Алмахъалдаса Жантемир ИсмагIиловас, Хубаралдаса Ражаб Къурбановас кIудияб къимат кьолаан Дадал инспекторасулаб хIаракаталъе. Улкаялде тIаде рагъул чIегIерал накIкIал гIагарлъулел рукIана.

Байбихьана БагIараб Армиялде районалдасаги гIолилал ахIизе. Масала, 1940 соналъул 27 июналда БагIараб Армиялъул кьеразулъе районалдаса 84 гIолилав витIана. КIиго къоялдасан ритIаразда гьоркьов вукIана Дада Идрисовги. Гьез рокъор тана умумул, вацал, яцал ва лъудбигун лъимал.

Гьел ккана Ленинград шагьаралда букIараб кьвагьдохъабазул дивизиялде. Киналго гурел гьезул т1адруссарал.

Дадаца пашманлъиялда ва хIурматалда рехсолаан районалъул росабалъа рагъул байданалда хутIаразул цIарал. 1941 соналъул маялда Дада гьоркьов вукIараб группа Финляндиялъулгун гIурхъи цIунулезе кумек гьабизе битIана. Доб рахъалда рукIана «хIухьбахъи гьабизе» ритIарал финазул 12 азарго рагъухъан гъорлъ вугеб немцазул группа. Дада гьоркьов вукIараб гIарадабазул батареялъ 4 июлалда тIоцебесеб нухалда кьвагьи гьабуна.

Гьезул корпус фронталъул рахъ-рахъазде бикь-бикьана. Гьенив Дада тIоцеве лъукъана, амма ругъун захIматаб гьечIолъиялъ гьев госпиталалде ккечIо. Рагъда рукIаразда лъала гьенир дандчIвалел захIмалъаби. Хадусан Дада ккана Харьковалдагун Москваялда гIагарда ккарал рагъазулъе ва гьев чанго нухалда лъукъана. Ахирисеб ругъун гьесда лъуна 1943 соналъул августалда ва, гьелъул хIасилалда, гьев госпиталалде ккана. Гьев рагъда чIванин кагъатцин бачIун букIана. Дада Идрисов ккола Москваялъул БагIараб Майданалда 1941 соналъул 7 ноябралда ва гьенибго 1945 соналъул июналда тIоритIарал парадазул гIахьалчи.

Районалдаса рагъде арав 2042 рагъухъанасда гьоркьоб гIицIго гьесие щвана гьединаб рес. Дадаца гьеб рикIкIунаан киназулго рахъалдасан парадалда хIетIе кьабизе жиндие щвараб реслъун.

1943 соналъул августалда гьев коммунист партиялъул мухъилъе восана. Ват1аналъ Дада к1одо гьавуна 2 –абилеб даражаялъул «Ват1анияб рагъ»,

«Баг1араб Ц1ва» орденаздалъун ва юбилеязулал медалаздалъун.

Рагъ лъуг1ун хадуб ВатIаналъе, тIоцебесеб иргаялда, х1ажат рукIана учительзаби, гьединлъидал Идрисовги учительлъиялъулаб хIалтIиялде т1адвуссана. Гьес дарсал кьолаан Гъосталаялда ва Дилималда.

1946 соналъул февралалда гьев ВКП(б)ялъул райкомалъул отделалъе нухмалъулевлъун тIамуна. 1947 соналъул августалда Дадада тIадкъана райОНОялъул лъималазул тIалаб гьабиялъул отделалъул инспекторасул х1алтIи. 1949 соналъ Дада Идрисов Гостала росдал школалъул директорлъун тIамуна. 1950-1951 соназ гьев райисполкомалъул секретарьлъунги хIалтIана. Коммунист, фронтовик, мугIалим Идрисов партиялъ киве витIаниги хIалтIизе унаан ва гьес тIадкъараб иш, ракIбацI цIадго, тIубазабулаан.

Гьев ВКП(б)ялъул райкомалда цо чанго хъулухъалда хIалтIана. Лъабго соналъ гьес культураялъул отделалъе нухмалъулесул хIалтIиги бачана.

Гьединго, Дада лесхозалъул парткомалъул эркен гьавурав секретарьлъунги вукIана.

Дада Идрисовас нахъа тана улкаялъе ва гьелъул халкъалъе цIикIкIараб пайда кьураб гIумру.

М. ДАДАЕВАСУЛ
«Халкъалъул тIалабалда»
абураб тIехьалдаса босараб

Ниж - терроризмалде данде

# «Дир ВатIан - Россия» онлайн -концерт




Лъалеб букIахъе, нилъер республикаялда, батIи-батIиял цIаразда гъоркь, тIоритIулел руго ДАССРалъе 100 сон тIубаялда хурхарал, наркоманиялдегун терроризмалде ва цогидалги квешал пишабазде данде чIезе, гьелгун къеркьезе гIадамал ахIулел тадбирал. Гьел тIоритIиялъул жигарчагIилъун рукIана хIукуматалъул, министерствабазул ва цогидалги гIуцIабазул хIалтIухъаби.

Гьединал тадбираз рес кьола бичIчIенкьеялъул хIалтIи цебе иналъе, гьудул-гьалмагълъиялъулал бухьенал щула гьариялъе, миллатазул цоцаздехунисеб рокьукълъи тIагIинабиялъе, цоцазул лъикIал гIадатал росиялъе ва гь.ц.

Рехсаразул цояблъун кколеб тадбир тIобитIана 13 августалда районалъул культураялъул Централда. Гьеб тадбиралда чIахIиялгун лъимал цере рахъана фольклоралъул, вокалалъул музыкалиял номералгун. Гьеб концерталда жигараб гIахьаллъи гьабуна ИчкIа росдал культураялъул Рукъалъе нухмалъулей Дайгьанат Хасаевалъ, Руслан Имамирзаевас, Ильяс Висарбиевас ва ЦТКНРалъул специалист Расул Бабатовас.

Р. ГЪАНИЩЕВ,
ЦТКНРалъул директорасул заместитель

# Росдал магIишаталда хурхараб хъвай-хъвай

Гьаб моцIалда (01.08.-30.08.2021с.) нилъер районалда унеб буго росдал магIишаталда хурхараб хъвай-хъвай.(гьелда «микроперепись» - ан, ай, «гьитIинабго хъвай -хъвай» - ан абула).

ТIоцебе ТIолгороссиялъул хъвай-хъвай 1916 соналъ тIобитIана, хадусан гьел тIоритIун рукIана 1920, 2006 ва 2016 соназ.

Гьаб соналъ тIобитIулеб хъвай-хъваялде гьоркьобе нилъер районги ккана. Гьелъ гьоркьоре рачине руго юридическиял гIадамазул 19, КФХязул - 80 ва жалго бетIергьанал магIишатазул 9102 объект.



Хъвай-хъваял гьариялъе гIиллалъун ккола росдал магIишаталда ккарал хисабасиязул хасаб информация букIинаби.

Гьеб хъвай-хъвай гьабиялъул къагIидаби цодагьалъ хисун руго. Гьез рес кьезе буго хехго информация бакIаризеги гьелъул хIасилал гьаризеги.

Районалъул росдал магIишаталъул нигIматал гIезарулезда (ЛПХ, ИП, КФХ ва гь.ц.) гьари буго гьеб гIуцIиялда нухда тIобитIиялъе квербакъеян.

П. САДИКАЕВ,
Дагъсталалъул специалист

Дин ва гIумру

# Къуръаналъул хIикмат

**Киналниги гIелмабазул кIул Къуръаналда жаниб букIин хIакъаб буго. Масала, ракьул хIалкIолъиялъул хIакъалъулъ 1687 соналда Нью-тоница бицараб мехалда, 1400 - ялдасаги цIикIкIун сональ цебе гьелъул хIакъалъулъ Къуръаналда рехсон букIана. ТIадегIанав Аллагьас Къуръаналда абулеб буго (магIна): «Гьаб ракь Дица нужее гьабун буго нуж данде ракIарулеб бакIлъун» («ал-Мурсалат», аят 25). Къуръаналъул гьаб аяталда бугеб «кифатан» абураб рагIул магIна ккола данде ракIарулеб бакI, жанире ракIарулеб бакI, рухI бугебги гьечIебги цо бакIалде ракIари абураб. ГIараб мацIалда бугеб «кифатан» рагIи лъугьана кафата абураб глаголалдаса. Гьелъул магIнаги ккола бакIаризе, тIаде цIазе абураб.**

**Киназдаго лъала ракьалъ жинда тIад бугебщинаб жо къуватаб гравитациялдалъун чIезабун букIин. Абизе бегьула гьаб аяталда жаниб бугеб «данде ракIарулеблъун» абураб рагIиялъ тIоритIел гьабулеб бугин I687соналда Ньютоница чIезабураб «сила всемирного тяготения» абураб терминалде. Кинниги Аллагьасда лъикI лъала.**

**ГIадамазул гIакълу XVII гIасруялда гурони, хадуб гъезе кIвечIеб «сила земного притяжения» абураб термин хирияб Къуръаналда 1400-ялдасаги цIикIкIун соналъ цебе рехсон букIана.**

Чанго гъаталде гьава бикьиялъул хIакъалъулъ Къуръаналда абулеб буго (магIна): *«Аллагь вуго ракьалда бугебщинаб жо нужее хIажаталъе бижарав. БетIергьанасе зобал рижизе бокьана ва гьелги анкьго зобаллъун гьаруна. Аллагь кинабго лъалев вуго»*,- ян (суратул «Бакъара», 29-абилеб аят). Жакъайин абуни, гIалимзабаз чIезабун буго ракьалъул гьава цоцазда тIад лъурал батIи-батIиял гъатаздаса гIуцIун букIин ва гьаваялъул гъатал, мухIкан гьарулаго хIалтIизабун бугебльи химиялъул гIуцIиги цIаканалъул гIаламаталги. Гьелъул хал гьабулаго чIезабун буго ракьалъул гьава анкьго гъаталдаса гIуцIун букIинги.

Лъимер лъугьиналъул къагIидаялъул бицунаго, хирияб Каламалда буго: *«Цинги Нижеца мани бидул кесекълъун гьабун хадуб, бидул кесек гьанал кесекълъун лъугьинабуна, гьеб ракьалъун гьабуна, ракьаялда тIад гьан рекIинабуна. Цинги гьеб цоги махлукълъунги бижизабуна»*, - ян ( суратуль «Муъмин»).

Эбелалъул ургьиб лъимадул рижи лъазабулеб гIелмуялда абула «эмбриология»абун. Гьанже нахъалъизегIан эмбриологаз рикIкIунаан ракьа ва ччорбал цадахъ лъугьунин абун. Гьанже микробиологиял цIех-рехаз бихьизабуна эбелалъул ургьиб лъимадул рижи Къуръаналда рехсараб куцалда лъугьунеб букIин.

ТIоцебе лъимадул хьонтIиялда (эмбрион) щекIалъул ткань хурхуна. Хадуб, сверухъ бугеб ракьаялъул тканалдаса ччорбазул клеткаби лъугьуна ва дагь - дагь кун ракьаги лъугьуна.

ХIабиб МУХIАМАДОВ

«ХIакъикъат» газеталдаса босараб №53 от 24.12.2020 с.

*(хадусеб букIине буго)*

# Рохьор хIухьбахъиялда рукIаго...

Пемерал гIадамаз, киб гьез яшав гьабулеб бугониги, хIухьбахъиялъе рохьал тIаса рищула, амма инсан жаниве лъугьиналъ гьезда кIудияб кьаби щвезабула. ТIоцебесеб иргаялда, гIемерисез гьениб рищни-къул тола ва цIаял ракула. Гьедин гьабиялъ кьолел хIасилазда тIад гIемерал ургъуларо.

ЦIаккеялъ рохьазе, гьенир рукIунел рухIчIаголъабазе, хур-хералъе ва, гьелъул хIасилалда, гIадамазе кьолеб заралалъул бицине хIал гIоларо. Нижеца гIемер бицуна ва хъвала цIаялъ кьолеб заралалъул, цIаккеялъе гIайиб ккаразе гьабулеб тамихIалъул, рохьазде ине, хасго цIадал ралареб ва багIараб заманалда, гьукъун букIиналъул ва гь. ц., амма, гьедин гьабулеб бугониги, рохьазда цIаккеялъул хIужаби тIагIунел гьечIо.

Щиб гьабизе тIадаб бугеб хIухьбахъиялъе рохьоре араб заманалда?

- свинаричIел сигаретазул хутIелал гIодоре рехуге;
- рохь къотIаралъур цIаял, хасго кIудиял, ракуге;
- цIа бакулеб бакIалда сверун гамачI сокIкIе яги рахъ бухъе;
- хал ккечIого, цIа бакараб бакI тоге;
- нахъе инелде, цIа свинабе ва гьеб мухIкан сун бугищали хал гьабе;
- нагагьлъун рохьоб гьитIинабцин цIа бихьани, гьеб свинабе, свинабизе кIолеб гьечIони, кумек тIалаб гьабе яги гьеб жидеде кколел хъулухъазда лъазабе;
- техникагун ругони, гьелъуб бухIараб сигареталъул хутIел къватIибе рехуге;
- лъикIаб букIина сигарета бухIичIого тани.

Лъай, цIаккеялъе гIайиб ккаразда тIад, гьезул жавабчилъиялде балагьун, гIакIаби къотIулеллъи (2 азаргоялдаса 200 азарго гъурщиде, ялъуни 4 азаргоялдаса 400 азарго гъурщиде щвезегIан). ГIакIаби рарал рукIуна тIабигIаталъе, инсанасул сахлъиялъе ва магIишаталъе кьураб заралалда рекъон.

ХIурматиял районалъул гIадамал ва гьалбал! Нагагьлъун цIа рекIараб бакI нужеда бихьани, ахIе гьал номеразде: **«101» яги «112».**

Н.К. НАСРУДИНОВ,

ОНДялъулгун №10 ПРалъул начальникасул заместитель

# Абакар Джансулаевич Абакаров



Халкъалдагьоркьосеб гIелмияб-гун профессионалияб цолъиялъе ккана кIудияб ками, гIумруялдаса ватIалъана Абакар Джансулаевич Абакаров.

Абакар гьавуна 1950 соналъ Ленинаул росулъ КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчи, мугIалим, СССРалъул лъайкьеялъул отличник Джансулал хъизаналда. Абакарие инсуца кьуна унго-унгояв магIаруласулъ бессун букIине кколеб хьвада- чIвадиялъул дарсазда рекъараб тарбия ва гьес бахъараб хIаракат гIадада ккечIо, Абакар вахъана гIагараб ракьалъе, ВатIаналъе, гIадамазе ва гIелмуялъе цIикIкIараб пайда кьуразул цоявлъун.

1968 соналъ росдал гьоркьохъеб школаги лъугIизабун, Абакар лъугьана Дагъистаналъул пачалихъияб политехническияб институталъул (гьанжесеб ДГТУ) промышленниялгун гражданиял бакIал раялъул факультеталде.

1973 соналъ тIокIлъиялда гьебги лъугIизабун, гьев ана Москваялъул ЦНИИСКалъул аспирантураялде. Гьес 1978 соналъ кандидатасул ва I994 соналъ докторасул диссертациябиги цIунана.

Абакарица тIолабго гIумру кьуна гIелмуялъе, ВатIаналъе хъулухъ гьабиялъе ва гIагараб институт цебетIезабиялъе. Гьес ассистентлъиялдаса деканасул хъулухъалде щвезегIан нух нахъа тана. Ассистент, кандидат, доцент ва профессор, гьединал гIелмудул цIарал рукIарав Абакарица тIолабго гIумруялъ кумек гьабуна гьесде хIажалъи ккаразеги.

ГIагараб институт цебетIезабиялъе гуребги, Абакарица жиндирго лъай ва бажари кьуна тIолабго пачалихъ, Европаялъулгун Азиялъул ракьбагъариялъулаб Ассоциация цебетIеялъе. Гьес 100-ялдасаги цIикIкIараб къадар гIелмиял хIалтIабазул, методикиял рихьизариялъул ва лъайкьеялъул тIахьазул хъвана.

РакIбацIцIадав, лъай бугев, тIаде босараб иш рагIа-ракьанде щвезабулев, гIумруялде, гIагараб ракьалде ва гIадамазде рокьи бугев Абакар вокьулаан студентазе, цадахъ хIалтIулезе ва гьев лъалезе.

Къисматалда хадур гъезе нилъее кьун гьечIо. Узухъда, цогиязулго гIадин, гьесулги рукIана тIуразаризе ракIалда ругел мурадал ва анищал, амма хъван букIун гьечIо: 11 августалда А.Д. Абакаров гIумруялдаса ватIалъана.

Гьев лъикIав инсан, унго-унгояв магIарулав даималъ хутIила нижер ва гьев лъалев вукIаразул ракIазулъ.

**ХI.ХI. МУСАЕВ, Гъ.М. ГЪИРИСХАНОВ,**

**районалъул гIуцIабазе нухмалъулел**




В строительную организацию АО «Мостоотряд-99» требуются бетонщики, сварщики, арматурщики, плотники для работы, как в Дагестане, так и за её пределами. Заработная плата высокая. Проживание и питание обеспечивается на участке.

**Обращаться по тел.: +7-(8722) 67-57-57.**

Утерянный аттестат 00518 №002328920 об основном общем образовании, выданный Ленинаульской средней школой №2 в 2021 году на имя **Абдулахитовой Айны Изамодиновны,** считать недействительным.

Ленинаул росдал №1 школалъул мугIалимзабазулгун техническиял хIалтIухъабазул коллективалъ, гъваридаб пашманлъиялда, зигара балеб буго хъизан - лъималазда ва тIолалго гIага-божаразда,

**Зубайри Зубайриев**

гIумруялдаса ватIалъиялда бан.

Аллагьас гьесие Алжан насиб гьабеги.

**БетIерав редактор:** И.Б.Салимханов **55-48-94**
**Заместитель:** Д.ХI. ГIабдулахIитова
**Жавабияв секретарь:** М.-Ш.Э. ГIабдулашимов

**Мухбирзаби:** Ибрагьим Идрисов, Динара Батиева, Асият Дибирова
**Набор:** Моседо ХIайбаева
**Верстка:** Марьям АтавхIажиева, Зайнап ГIабдулмуслимова

Газета бахъизе байбихьана 1933 соналъул 15 апрелалда

Типографиялъул адрес: 367032, РД МахIачхъала шагьар Насрудиновасул къватI №61

Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда. Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00 ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

**Учредитель:** администрация МР "Казбековский район" Редакциялъул(издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140, Индекс: 51354 Тираж 1205, багьа - эркенаб

Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола